



212-615-8329

housing@recovery.nyc.gov

nyc.gov/builditback

F17: Sètifika ranbousman Kondisyon ki kòrèk, san danje ak sanitè epi sekirite ak plon

Adrès pwopriyete a

Vil, Eta, Zip

Fòm sa a aplikab pou tout pwopriyete kay k ap chèche ranbousman nan Pwogram Build It Back.

Pou ou ka resevwa ranbousman, ou dwe dakò kay ou an konfòmite ak estanda apwopriye, san danje, ak estanda lapwòpte ("DSS") oswa li pral satisfè estanda DSS yo aprè yo fini reparasyon yo.

Si ou fin fè travo reparasyon ou yo, ou sètifye pa gen okenn pwoblèm DSS nan kay la.

Si ou pa fini reparasyon yo, oswa ou sètifye ou pral fini reparasyon ou menm nan swasant (60) jou aprè ou fin resevwa ranbousman, ou sètifye ou dakò pou pwogram lan fè tout reparasyon si ou chwazi pou resevwa asistans reparasyon nan men Build it Back.

Si Pwogram lan dekouvri penti yo gen plon ki se yon danje pou kay ou an epi Pwogram lan te detèmine kèk mezi koreksyon nesese, ou dakò pou pèmèt Pwogram nan fè nenpòt ki travay ki obligatwa kòm yon kondisyon pou resevwa ranbousman. Oumenm tou ou konprann si ou pa pèmèt Pwogram nan fè travay ki nesese yo, ou pral an vyolasyon ak Akò Sibvansyon ranbousman nan pwogram lan.

Sèvis piblik yo (elektrik / gaz / dlo)

Kay mwen dwe toujou gen limyè limen; EPI

Kay mwen an dwe gen kouran fonksyonèl nan kwizin lan, twalèt, ak chanm (yo); EPI

Si sa aplikab, kay mwen an dwe gen gaz an kantite; AK

Kay mwen dwe gen koneksyon dlo aktif ladan l; EPI

Kay mwen an pa dwe gen "danje elektrik" tankou: fil kouran elektrik; izolan ki pa izole; fil elektrik; fil ki kouche oswa ki sitiye tou pre dlo k ap dòmi oswa lòt kote danjere; limyè aparèy pandye nan fil elektrik san sipò fèm; elatriye

(Kontinye nan lòt paj devan.)

Kondisyon estriktirèl yo

Fenèt ki nan zòn tanpèt la domaje nan kay la pa men yo pa montre okenn siy "deteriorasyon grav" tankou: fenèt la sitèlman kraze, li pa gen kapasite pou anpeche van ak lapli antre; gen yon risk pou l koupe ak blese moun; elatriye; EPI

Plafon yo nan kay la pa dwe montre okenn siy grav kòmkiwa yo "pa solid oswa danjere" tankou: domaj ki grav ki ta ka menase sekirite estriktirèl edifis la oswa lakòz menas ki sanblab pou sekirite; gwo twou oswa bouche; manke pati; sifas materyèl ki lach (san papyè/penti) ki menase pou tonbe; elatriye; AK

Miray ki nan kay la pa dwe montre okenn siy ki nan move kondisyon "pa solid oswa danjere" tankou: domaj ki grav ki ta ka menase sekirite estriktirèl edifis lan oswa lakòz menas ki sanblab pou sekirite; flanbe, gonfle oswa apiye; estrikti andomaje oswa ki lach; gwo twou; enfiltrasyon lè; elatriye; AK

Planche ki nan kay la pa montre okenn siy grav kòmkiwa li "pa solid oswa li danjere", tankou: domaj grav vizib fasilman ki ta ka menase sekirite estriktirèl edifis lan oswa lakòz menas ki sanblab pou sekirite; gwo boutèy; gwo mouvman anba estrès mache; elatriye

Detektè lafimen

Kay la dwe gen omwen yon aparèy pou detekte lafimen ak pil ki fonksyone oswa aparèy pou detekte lafimen ki gen fil pou branche epi k ap travay nan chak nivo edifis la, ki gen ladan sousòl la, men se pa espas yo rale oswa galata ki pa fini.

Abitabilite

Kwizin nan kay mwen an dwe gen toude yon fou k ap mache ak recho ak fwaye siperyè OSWA yon maykwowev;

AK omwen yon twalèt nan kay mwen an dwe gen omwen yon benywa k ap travay, ak omwen yon twalèt k ap travay.

Deyò Batiman an

Fondasyon kay mwen an pa dwe montre okenn siy grav "pa solid oswa ki danjere", tankou: gwo domaj estriktirèl ki parèt vizib ki montre potansyèl pou efondreman estriktirèl; fondasyon ki pèmèt rantre siyifikatif nan dlo ki aba tè sou yon baz regilye (pa egzant, pwouve pa inondasyon nan sousòl la); elatriye; AK

Chemen pou sòti rapid nan kay mwen an (pa egzant, mach eskalye, ranp oswa galri) pa dwe montre siy grav kondisyon "pa solid oswa danjere", tankou: eskalye, galri, balkon, oswa pon ki gen gwo domaj estriktirèl; kase, pouri, oswa mach ki manke; elatriye; AK

Do kay mwen an pa dwe montre okenn siy grav "pa solid oswa danjere", tankou: domaj grav tankou flanbe grav oswa flechi, ki endike potansyèl efondreman estriktirèl; gwo twou oswa lòt domaj ki ta lakòz enfiltrasyon dlo enpòtan; elatriye; AK

Si sa aplikab, chemine lakay mwen pa dwe montre okenn siy grav ki endike eta li "pa solid oswa danjere", tankou: chemine pa gen yon bon sipò oswa ki montre prèv dezintegrasyon siyifikatif ki ta mennen nan efondreman sanzatann; elatriye

(Kontinye nan lòt paj devan.)

**Yo kapab voye fòm sa yo nan kourye lapòs, faks osinon imèl:
14 Murray St, #150 New York, NY 10007 | 646-500-7185
builditbackdocuments@recovery.nyc.gov**

**Rev 5
Dawout. 2016
Ranpli a la Men**

Chofaj ak Plonbri

Kay la dwe gen yon aparèy chofaj entegre ak sous dlo cho, epi li pa chofe sèlman avèk aparèy chofaj san boule gaz; AK

Kay la pa dwe montre okenn siy move koneksyon kote pou lafimen an soti, ki ka pèmèt echapman gaz antre nan zòn kote w ap viv la; AK

Kay la pa dwe montre okenn siy enpòtan li ka pran dife ki toupre sous chalè oswa chemine a; AK

Kay la pa dwe montre okenn siy grav "gwo fwit", espesyalman konsènan drenaj dlo prensipal la ak tiyo alimantasyon; AK

Kay la pa dwe montre okenn siy evidan grav zòn kote dlo a pase: gwo sant twou rego, drenaj lan, zòn ki gen labou anwo yon fòs pèdi, elatriye.

Sante Jeneral ak Sekirite

Kay la dwe gen sòti ki ka itilize: ki pa bloke/playoud, oswa entèdi sou wout evakyasyon an; sòti ki pa ka itilize akòz kondisyon tankou debri, depo, pòt oswa fenèt kloure ak ki fèmèn, kadna kase; elatriye; AK

Kay la pa dwe montre okenn siy "envazyon grav" tankou: prezans rat; gwo envazyon sourit oswa vèmin (tankou ravèt); twou rat; twalèt; fatra; anpil rat nan zòn ki te domaje ak tanpèt; elatriye

Mwen li epi konprann fòm sa a, epi mwen sètifye enfòmasyon ki bay anlè a se verite epi egzat.

Non Aplikan (Lèt Detache)	Siyati	Date
Lèt moun k ap aplike (Lèt Detache)	Siyati	Dat
Lèt moun k ap aplike (Lèt Detache)	Siyati	Dat
Lèt moun k ap aplike (Lèt Detache)	Siyati	Dat